



Icika ry'umuyagankuba

- Kurikirana abantu bakuze canke bamwe bashobora kuba bakeneye ubufasha budasanzwe kugira umenye ko bamerewe neza.
- Itonde cane nimba ugiye hanze kuraba ivyononekaye inyuma y'igihuhusi. Intsinga z'umuyagankuba zaguye hasi canke zirereta zishobora kuba zinyegejwe n'ibarafu, ibiti, canke imicafu, kandi bishobora kuba birimwo umuyagankuba. Ntiwigere ugerageza gukora canke gukura intsinga ziri hasi. Gumiza abana n'ibikoko utunze kure yazo.
- Ntukore ku kintu na kimwe intsinga z'umuyagankuba zikorako nk'amashami y'ibiti canke impome. Iminsi yose ishiremwo ko urutsinga ruri hasi rurimwo umuyagankuba. Hamagara ishirahamwe ryawe ribijejwe kugira uribwire ingorane iyo ariyo yose yerekeye ugucika kw'umuyagankuba.
- Suzuma amatoroshi hamwe n'amaradiyo ngendanwa kugira umenye ko ariko arakora, kandi ko ufise amabateri yo gukaba. Iradiyo ni isoko ngirakamaro y'ikirere n'inkuru yihutirwa mu gihe c'igihuhusi.
- Nimba uriko urakoresha imoteri itanga umuyagankuba, soma, tahura, kandi ukurikize amabwirizwa y'uwayikoze. Buri gihe, akiriza hanze imoteri itanga umuyagankuba kandi kure y'amadirisha ayariyo yose canke imiryango. Raba neza ko imoteri itanga umuyagankuba yawe ihagaze neza kandi ifatanije kuko ushobora kwagirizwa impanuka yoba canke guturira abantu n'inzu bishobora guturuka ku kudafatanya neza canke gukoresha nabi ibikoresho.
- Raba ko ibipima Carbon Monoxide (CO) bikora neza kandi bifise amabateri mashasha.
- Regera ifirigo yawe hamwe na firizeri ahagenewe ko biregererwa (ibuka kwongera kubiregera uko vyari igihe umuyagankuba ugarutse). Mu gihe umuyagankuba wacitse, reka kwugurura firigo canke umuryango wa firizeri. Imfungurwa zirashobora kuguma zikanye gushika mu kiringo c'amasaha 24, kandi kugeza ku masaha 48 muri firizeri yuzuye neza (amasaha 24 nimba yuzuye kugera hagati). Nimba ufise imiti ikenera gukanyishwa, baza umudandaza wawe w'imiti kugira aguhe impanuro y'ukuntu wobika neza mu gihe ugucika kw'umuyagankuba kwomara igihe kinini.

- Raba neza iminsi yose ko ufise ibikoresho vy'ibanze bikwiye vyo mugihe c'imbeho harimwo amatoroshi, iradiyo ngendanwa, amabateri yo gukaba, agasandugu k'imiti y'ibanze, icupa ry'amazi, imfungurwa zitabora hamwe n'igikoresho co kwugurura ikopo gikoreshwa n'intoke.